



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE ESTRATEJI NAN NASYON AN POU ELIMINE EPATIT C

Etabli yon Fòs Entèvansyon Eliminasyon Ki Pral Avize Eta a sou Plan li genyen an pou Mete Fen nan 'Epidemi Silansye' sa

Alwe yon 5 Milyon Dola Inisyal pou Fè Vanse Plan pou Elimine Epatit C, Elaji Konsiderableman Kapasite Tretman epi Retire Baryè pou Asirans Tretman yo

Etabli Premye Otorizasyon Ranbousman Medicaid nan Nasyon an pou Sèvis Rediksyon Domaj yo

Kreye Règleman Ki Ap Elaji Aksè a Echanj Sereng yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a premye estrateji nan nasyon an pou elimine epatit C, ki gen ladan etablisman yon Fòs Entèvansyon Eliminasyon pou Epatit C (Hepatitis C Elimination Task Force) ki pral avize eta a pandan ke l'ap akonpli plan li an apati de kounye a. Efò eliminasyon an vize sispann pwopagasyon viris lan lè yo ap ogmante aksè a medikaman ki ka geri Epatit C, epi agrandi pwogram ki pou konekte moun New York yo ak sèvis prevansyon, sèvis depistaj ak tretman yo. Epatit C, oswa HCV, se yon maladi fwa ki koze pa viris epatit C ki afekte plis pase 200,000 moun New York.

"Premye apwòch olistik sa nan nasyon an pou eradike epatit C li baze sou efò pèmanan nou ap fè pou mete fen nan epidemi SIDA, epi li pral amelyore sante anpil moun ki pi vilnerab pami nou yo ki enkli moun ki ap konbat adiksyon a dwòg yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral mete fen nan Epatit C nan New York."

Lanmò ki asosye ak Epatit C yo te depase kantite lanmò ki asosye ak VIH yo nan eta a an deyò Vil New York depi 2007, epi avèk itilizasyon enjeksyon dwòg yo kòm faktè risk ki pi komen, epidemi opyoyid lan te alimante yon ogmantasyon nan nouvo ka Epatit C yo. Eta a pral deplwaye estrateji "rediksyon domaj yo" ki enkòpore yon seri zouti ki gen ladan yo itilizasyon ki pi sekirize, itilizasyon ki jere, ak abstinans pou ede moun ki ap itilize dwòg yo ka gradyèlman amelyore sityasyon yo nan fason ki reyalis.

"Premye plan sa nan nasyon an pou konbat Epatit C pral bay finansman pou elaji opsyon tretman yo epi ogmante aksè a medikaman", **Gouvènè Adjwen an Kathy**

Hochul te deklare. “Plis pase 200,000 moun New York ap viv ak maladi a malgre yo gen tretman ki disponiib pou geri li. New York angaje nan envesti nan sèvis ki pou asire ke tout moun New York yo gen aksè ke yo bezwen a tretman nan objektif pou ka viv lavi yo pi an sante.”

Fòs Entèkansyon Eliminasyon pou Epatit C

An 2017, lidè eta ak nasyonal yo te rasanble nan Albany pou premye Somè Eliminasyon epatit C (Hepatitis C Elimination Summit) nan nasyon an, kote ekspè sante piblik yo, defansè ak pati ki konsène nan kominote a yo te rasanble ansanm pou devlope yon deklarasyon konsansis sou eliminasyon Epatit C nan Eta New York. Nouvèl Fòs Entèkansyon Eliminasyon pou Epatit C Gouvènè Cuomo a ke yo te anonse jodi a pral ajoute sou deklarasyon konsansis sa epi li pral bay Eta a avi ekspè pandan ke l’ap mete sou pye plan li genyen an pou elimine Epatit C apati de kounye a.

Nouvèl Fòs Entèkansyon pral konpoze de yon Komite Dirijant ak senk soukomite ki pral konsantre sou domèn priyorite yo, ki gen ladan yo prevansyon; aksè a swen ak tretman; tès ak lyezon a swen sante yo; siveyans, done ak metrik yo; ak detèminan sosyal yo. Manm soukomite yo pral gen ladan yo konsomatè, manm kominote yo, antrepriz yo, chèchè yo, antrepriz sèvis sosyal ak rediksyon domaj yo, moun k’ap peye ak pèsònèl sante piblik yo.

Ogmante Finansman pou Pwogram Epatit C yo

Pou ka ogmante aksè a medikaman pou Epatit C yo, Gouvènè a ap anonse 5 milyon dola nan nouvo finansman pou sèvis Epatit C yo, tankou pwogram edikasyon, navigasyon pou pasyan, ak swen ak tretman yo nan sistèm rediksyon domaj yo. Youn sou kat moun ki gen VIH yo enfekte tou ak Epatit C, epi etid yo montre ke plis pase 90 pousan moun yo te trete yo ka geri de maladi a. Nouvo medikaman antiviral ki aji dirèkteman sou viris la gen efè segondè minim epi yo ka anpeche bezwen pou transplantasyon fwa, siwoz, kansè nan fwa oswa lanmò.

Pandan dekad ki sot pase a, te genyen yon chanjman nan distribisyon ka Epatit C yo. An 2006, laplipa ka Epatit C kwonik ke yo te rapòte yo te pami akolit “baby boomer” an. Apati 2016, distribisyon laj lan te chanje, ak yon monte diferan ki ap emèje pami yon pi jèn akolit moun ki te gen laj 20 a 40 an.

Finansman ke yo te alwe pou estrateji eliminasyon Epatit C nan Eta New York lan ap abòde nesosite popilasyon ki te afekte yon nivo dispwopòsyone yo, espesyalman moun ki te enjekte dwòg yo ak moun ki nan prizon yo. Eta a pral:

- Etabli yon pwogram navogasyon pou pasyan ki nan Pwogram Echanj Sereng yo (Syringe Exchange Programs) pou ka relye moun ki gen Epatit C yo ak swen ak tretman.
- Devlope modèl tretman pou Epatit C ki inovatif ki ap vize moun ki konn enjekte dwòg yo ki gen ladan tretman ki asiste pa medikaman ki kolokalize yo ansanm ak tretman pou Epatit C.
- Elaji sèvis pou popilasyon jistis kriminèl yo pou relye prizonye ki gen Epatit C yo ak sèvis swen, tretman ak sipò yo apre liberasyon yo lè yo soti nan prizon.

- Entansifye siveyans sou Epatit C pou ka siveye epidemi an, devlopman pwogram enfòmasyon yo, epi etabli epi sipèviz objektiv eliminasyon Epatit C yo.

Elaji Kapasite Tretman Epatit C nan Eta a

Gouvènè Cuomo te bay Depatman Sante (Department of Health) Eta New York lan enstwiksyon tou pou yo mete sou pye nouvèl politik yo ki ap etabli kondisyon espesifik yo pou apwobasyon lisans premye swen yo nan sistèm rediksyon domaj yo. Sa pral elaji rezo antrepriz k'ap bay tretman pou Epatit C yo epi asire disponibilite tretman pou Epatit C sou plas yo ak tretman ki asiste sou plan medikal pou twoub itilizasyon opyoyid yo. Depatman an pral fè soti tou règleman ki ap pèmèt antrepriz tretman ki gen lisans OASAS ak OMH yo ofri sèvis premye swen, ki gen ladan tretman pou Epatit C, bay moun ke yo bay sèvis yo.

Premye Otorizasyon Ranbousman Medicaid nan Nasyon an pou Sèvis Rediksyon Domaj yo

Plan sèvis pou montan frè Medicaid ak swen reglemante Medicaid yo te kòmanse kouvri sèvis rediksyon domaj yo, ki an vigè depi 1 Jiyè 2018, ki ap fè New York vin premye eta nan nasyon an ki fè sa. Chanjman sa aplike a plan swen reglemante Medicaid prensipal yo, Plan Nesosite Espesyal VIH yo (HIV Special Needs Plans) ak Plan Sante ak Rekipasyon yo (Health and Recovery Plans). Yo pral bay sèvis rediksyon domaj yo apati pwogram echanj sereng yo ki te otorize pa Depatman Sante Eta New York la. Sèvis yo ka faktire yo gen ladan yo: Devlopman yon Plan pou Swen (Plan of Care); Oryantasyon Sipò Endividyèl ak An Gwoup yo (Individual and Group Supportive Counseling); Jesyon Medikaman ak Oryantasyon Aderans pou Tretman (Medication Management and Treatment Adherence Counseling); ak Gwoup Sipò Sikoyedikasyon yo (Psychoeducation-Support Groups). Aksyon sa yo pral bay revni dirab epi konstwi kapasite antrepriz yo pou bay sèvis rediksyon domaj yo ak tretman pou Epatit C.

Elaji Aksè A Echanj Sereng yo

Lè nou rekonèt enpak konsiderab ke sèvis sereng yo te genyen nan redwi alafwa VIH ak HCV, aksè ki ogmante a sereng yo li esansyèl pou elimine HCV. Depatman Sante a pral fè soti règleman ki pral pèmèt òganizasyon san bi likratif, antite relijye, ak antite gouvènman lokal yo ki toupatou nan Eta a pou distribye epi ranmase sereng yo. Règleman pou sèvis sereng dezyèm tyè yo pral ogmante aksè a sereng yo, edikasyon ak sipò, sa ki ap pèmèt òganizasyon tankouabri pou moun ki sanzabri yo, sant LGBTQ yo, klinik pou maladi ki transmèt seksyèlman yo (Sexually transmitted diseases, STD), depatman sante konte yo, ak òganizasyon ki baze nan kominote yo ede elimine Epatit C.

Pou ka elaji pi plis aksè a sereng atravè Eta a, yo pral fè soti règleman ki ap pèmèt famasi yo anrejistre nan Pwogram Aksè a Sereng Ki Elaji a (Expanded Syringe Access Program) pou pwomouvwa disponibilite sereng ipodèmik yo ak zegwi yo san yon preskripsyon.

Retire Baryè pou Asirans yo pou Swen

Eta a te idantifye kondisyon preyotorizasyon yo ki te fè li difisil pou moun yo aksede a swen ak medikaman ke yo bezwen pou ka trete Epatit C. Pou ka abòde pwoblèm sa a,

eta a pral egzije òganizasyon swen ki reglemante yo retire baryè sa yo pou tretman Epatit C.

An premye, eta a pral egzije òganizasyon swen ki reglemante yo pou pwolonje dire peryòd otorizasyon preyalab lan pou rive sis mwa nan objektif pou ka bay pasyan yo kapasite pou aksede a swen pi fasilman. Otorizasyon preyalab lan pa ta dwe janm abouti a yon entèripsyon nan tretman an.

Dezyèmman, eta a pral asire ke òganizasyon swen ki reglemante yo elimine kondisyon pou ke pasyan yo pase tès chaj viral nan objektif pou ka kontinye resevwa medikaman pou Epatit C yo. Okenn tès pa ta dwe anpeche kontinyite tretman pou Epatit C.

Finalman, Eta a pral egzije òganizasyon swen ki reglemante yo ranbouse antrepriz swen sante yo ki ap itilize sèvis sante televize - oswa konferans videyo - yo nan tretman pasyan Epatit C yo.

Kanpay Sansibilizasyon Miltimedya

Depatman Sante a pral lanse yon kanpay Sansibilizasyon Piblik sou HCV ki konpoze de yon kanpay jeneral pou rive atenn tout moun New York yo, ak yon mesaj sible ki vize popilasyon ki gen pi wo nivo prevalans oswa risk pou kontrakte Epatit C.

Komisè Depatman Sante a Doktè Howard Zucker te di, “Antan ke yon medsen, mwen te wè pèsònèlman efè danjere ke Epatit C ka genyen yo, epi pandan ke kantite ka yo kontinye ogmante atravè eta a, li klè ke nou bezwen abòde pwoblèm sa ak tèt nou sou zepòl nou. Angajman Gouvènè Cuomo te pran pou mete fen nan epidemi SIDA a li byen dokimante, epi mwen espere travay pou mete fen nan epidemi Epatit C an tou”.

Ajoute sou Efò Pèmanan Ki Ap Mete Fen nan Epidemi a (Ending the Epidemic)

Anons lan vini apre piblikasyon rapò davansman Mete Fen nan Epidemi 2018 la, ki mete aksan sou plan direktè New York la k ap trase chemen an pou nasyon an pou takle epidemi SIDA ki sou wout an bès deja epi redwi kantite nouvo enfeksyon VIH yo pi ba pase kantite lanmò ki asosye ak VIH yo avan fen ane 2020 an, menm pandan n ap atenn zewo mòtalite an rapò ak SIDA anmenmtan. Nan kad plan direktè inovatè Gouvènè a, Eta a te travay yon fason agresiv pou idantifye moun ki gen VIH ki poko dyagnostike yo epi konekte yo ak swen; konekte epi kenbe moun New York ki dyagnostike ki gen VIH yo ak tretman pou ka maksimize sipresyon viris VIH la pou ke yo ka rete an sante epi anpeche yo transmèt li pi plis; epi asire aksè a Pwofilaksi Anvan Ekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis).

Nan kad apwòch agresiv sa a, New York ap fè pwogrè rapid. Rapò Mete Fen nan Epidemi an bay detay sou avansman remakab eta te fè depi lansman plan direktè a, ki gen ladan 75 pousan Nouyòkè yo fenk dyagnostike k ap demontre evidans yo antre nan swen nan lespas 30 apre dyagnostik pozitif VIH yo a. An efè, 80 pousan Nouyòkè k ap viv ak VIH yo te montre evidans yo ap resevwa kèk swen pandan ane a. Anplis de sa a, an 2016, viris la sanble te siprese nan apeprè 70 pousan Nouyòkè k ap viv ak dyagnostik VIH.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)